

BAB III **MÉTODE PANALUNGTIKAN**


Cara ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan téh ngagunakeun pamarekan jeung métode anu tangtu. Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif. Nurutkeun Bodgan jeung Taylor (dina Moleong, 2004, kc 38) métodologi kualitatif salaku prosedur analis anu midangkeun data déskriptif mangrupa data-data anu ditalungtik. Pamarekan anu digunakeun sipatna kualitatif miboga karakteristik sipatna déskriptif. Data nu dikumpulkeun, kahiji mangrupa data langsung tina sumber atawa objékna, panalungtik jadi bagéan tina instrumén pokok analisisna, kadua data mangrupa kecap-kecap atawa gambar nu miboga harti (Sutopo, 2006, kc 40).

Patali jeung pamarekan kualitatif, métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif analisis. Saluyu jeung métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan, Suriasumantri medar métode déskriptif analisis (dina Nurwicaksono, 2018, kc 143) nyaéta métode anu digunakeun pikeun nalungtik gagasan atawa produk pamikiran manusa anu diébréhkeun dina wangun média citak. Panalungtikan déskriptif analisis museur kana usaha pikeun ngadéskripsikeun, ngaguar, jeung kritik kana gagasan tuluy dimekarkeun deui jadi studi babandingan, hubungan jeung kamekaran modél. Prak-prakan métode panalungtikan déskriptif analisis teu diwatesanan dina ngumpulkeun jeung nyusun data, tatapi ogé analisis jeung interpretasi ngeunaan data éta.

Métode déskriptif analisis dina ieu panalungtikan miboga udagan pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis Novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusuma. Hasil tina analisis struktur carita dilarapkeun kana ulikan psikologi sastra tiori cinta segitiga nu ditétélakeun ku Robert Sternberg.

3.1 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan nyaéta sagala prosés anu diperlukeun dina tatahar jeung prak-prakan panalungtikan, anu ngarojong panalungtikan dina ngumpulkeun jeung ngolah data (Sekaran, 2006, kc 30). Désain panalungtikan miboga tujuan pikeun ngagambarkeun léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan, ti mimiti rumusan masalah nepi ka nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan anu keur lumangsung. Anapon ieu désain panalungtikan digambarkeun dina ieu bagan.



3.2 Téhnik Panalungtikan

3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa hal anu penting dina ieu panalungtikan. Saluyu jeung sawangan Sugiyono (2012, kc 224) ngumpulkeun data dilakukeun dina sababaraha kaayaan, sababaraha sumber, jeung sababaraha cara. Istilah data dina panalungtikan kualitatif bédha jeung pamarekan kuantitatif anu mangrupa Tabél angka, dina pamarekan kualitatif datana mangrupa sagala informasi boh lisan boh tulis anu ngarojong pikeun ieu panalungtikan.

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik studi pustaka. Jadi, téhnik studi pustaka dipaké pikeun ngumpulkeun data ku cara maca sumber data nyaéta novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusuma dibarengan ogé ku data lian nu ngarojong sarta raket patalina jeung struktural sarta psikologi sastra dina karya sastra. Léngkah-léngkah dina ngumpulkeun datana nyaéta:

- 1) maca buku-buku anu patali jeung struktural katut psikologi sastra;
- 2) nangtukeun sumber data nyaéta novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusuma;
- 3) maca sagemblengna novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusuma;
- 4) ngumpulkeun data atawa cutatan nu patali kana struktural jeung aspék cinta segitiga palaku utama Tatang jeung Anah dina tilikan psikologi sastra.

3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Data anu dikumpulkeun dina téhnik ngumpulkeun data ieu satulunya anu kudu dilakukeun nyaéta ngolah data. Téhnik ngolah data nyaéta hasil nganalisis data anu dikumpukeun ku cara ngagunakeun rumus-rumus atawa aturan anu luyu jeung pamarekan ieu panalungtikan (Arikunto, 2013, kc 281).

Téhnik ngolah data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik analisis. Analisis dina ieu panalungtikan nyaéta museur kana struktur novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusuma jeung analisis aspék romantis cinta segitiga palaku utama Tatang jeung Anah Anisa Julianingrum, 2023

ASPÉK ROMANTIS DINA NOVEL SABOBOT SAPIHANÉAN SABATA SARIMBAGAN

KARYA MH. RUSTANDI KARTAKUSUMA (*Ulikan Psikologi Sastra*)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

dina tilikan psikologi sastra. Di handap diguar hal-hal anu dipedar patali jeung analisis data.

1) Téhnik Analisis Struktur Novel Aspék Cinta Segitiga Palaku Utama Tatang jeung Anah dina Tilikan Psikologi Sastra

Analisis data, anu munggaran dianalisis nyaéta struktur novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusuma, dianalisis ngagunakeun tiori stuktural Robert Stanton anu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana sastra. Ku kituna anu baris dianalisis nyaéta:

- a) téma novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan*;
- b) fakta carita novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan*;
- c) sarana sastra novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan*.

2) Téhnik Analisis Aspék Romantis Cinta Segitiga Palaku Utama Tatang jeung Anah dina Tilikan Psikologi Sastra

Sabada kapaluruh struktur caritana, analisis anu kadua nyaéta aspék romantis cinta segitiga palaku utama Tatang jeung Anah tilikan psikologi sastra dina novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusuma. Dumasar tilikan psikologi sastra aspék cinta segitiga nu ditétélakeun ku Robert Sternberg ngaguar tilu aspék cinta nyaéta kaintiman, napsu, jeung komitmen. Tuluy dianalisis ieu novel kaasup kana tingkatan taksonomi jenis-jenis cinta anu mana dumasar kana tiori Robert Sternberg.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc 262) instrumén panalungtikan nyaéta alat anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data. Dirojong ku ayana instrumén, ieu panalungtikan dipiharep bisa meunangkeun hasil anu leuwih lengkep jeung gampang kalayan sistematis.

Intrumén panalungtikan anu digunakeun dibagi jadi dua, nyaéta instrumén panalungtikan ngumpulkeun data jeung instrumén panalungtikan dina ngolah data. Instrumén dina ieu panalungtikan dilakukeun pikeun nganalisis struktur carita jeung aspék romantis cinta segitiga tilikan psikologi sastra dina novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusuma.

Anisa Julianingrum, 2023

ASPÉK ROMANTIS DINA NOVEL SABOBOT SAPIHANÉAN SABATA SARIMBAGAN

KARYA MH. RUSTANDI KARTAKUSUMA (*Ulikan Psikologi Sastra*)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.3.1 Instrumén Panalungtikan Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa hal anu penting dina ieu panalungtikan. Nurutkeun Sugiyono (2012, kc 224) ngumpulkeun data dilakukeun dina rupa-rupa, sumber, jeung cara.

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik talaah pustaka atawa studi pustaka. Téhnik studi pustaka mangrupa kagiatan niténan, neuleuman, nalaah, jeung ngaidéntifikasi bahan bacaan anu aya patalina jeung panalungtikan.

Instrumén panalungtikan ngumpulkeun data ieu panalungtikan ngagunakeun kartu data pikeun ngumpulkeun data. Ieu di handap conto-conto kartu jeung tabél anu digunakeun pikeun ngolah hasil panalungtikan.

1) Kartu Data Struktural Carita

Tabél 3.1 Kartu Data Téma

Kartu Data 1	
1. Kode Data	:
2. Téma	:
3. Cutatan Carita	:

Tabél 3.2 Kartu Data Galur

Kartu Data 2	
1. Kode Data	:
2. Struktur Carita	:
3. Cutatan Carita	:

Tabél 3.3 Kartu Data Latar

Kartu Data 3	
1. Kode Data	:
2. Jenis Latar	:
3. Cutatan Carita	:

Tabéл 3.4 Kartu Data Tokoh

Kartu Data 4	
1.	Kode Data :
2.	Palaku/Watek :
3.	Cutatan Carita :

Tabéл 3.5 Kartu Data Judul

Kartu Data 5	
1.	Kode Data :
2.	Puseur Implengan :
3.	Cutatan Carita :

Tabéл 3.6 Kartu Data Puseur Implengan

Kartu Data 6	
4.	Kode Data :
5.	Puseur Implengan :
6.	Cutatan Carita :

Tabéл 3.7 Kartu Data Gaya Basa

Kartu Data 7	
1.	Kode Data :
2.	Gaya Basa :
3.	Cutatan Carita :

Sangkan leuwih jéntré ngeunaan kodé-kodé di luhur, keterangan kodé ieu baris didadarkeu ieu di handap.

Keterangan:

- a. **SSSS = Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan**
- b. **S1 = Struktur Carita pikeun téma**
- c. **K23 = Kode Kaca**
- d. **P19 = Paragraf ka-19**

2) Kartu Data Aspék Cinta Segitiga Tilikan Psikologi Sastra

Tabél 3.8 Kartu Data Aspék Cinta Segitiga

Kartu Data 8	
1. Kode Data	:
	(N/KC)
2. Palaku	:
3. Aspék Cinta Segitiga:	
4. Cutatan Carita	:

Sangkan leuwih jéntré ngeunaan kodé-kodé di luhur, keterangan kodé ieu baris didadarkeu ieu di handap.

Keterangan:

- a. dina kode data disebutkeun:
 - PS = Psikologi Sastra
 - KC= Kaca
- b. palaku dina tabél nyaéta museur ka tokoh utama nyaéta Tatang jeung Anah.
- c. réaksi émosi cinta tina tilikan psikologi sastra dipatalikeun jeung aspék cinta segitiga Robert Sternberg nu nétélakeun tilu rupa aspék cinta anu digambarkeun dina wangun segitiga, nyaéta:
 - Kaintiman
 - Napsu
 - Komitmen
- d. sabada nangtukeun aspék cinta segitiga, tuluy klasifikasikeun aspék cinta segitiga kana tingkatan taksonomi jenis-jenis cinta Robert Stanton.
- e. Cutatan carita dina éta tabél dituliskeun ungkara carita nu ngajéntrékeun unggal aspék cinta segitiga dumasar kana tiori Robert Stanton.

3.3.2 Instrumén Panalungtikan Ngolah Data

Intrumén panalungtikan dina ngolah data nyaéta ngagunakeun kartu data tujuanna pikeun ngumpulkeun jeung mindahkeun data nu geus aya sangkan Anisa Julianingrum, 2023
ASPÉK ROMANTIS DINA NOVEL SABOBOT SAPIHANÉAN SABATA SARIMBAGAN KARYA MH. RUSTANDI KARTAKUSUMA (Ulikan Psikologi Sastra)
 Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

leuwih gampang diolah jeung dipikaharti. Ieu kartu data téh gunana pikeun ngumpulkeun data hasil analisis struktur carita jeung aspék cinta segitiga tilikan psikologi sastra dina novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusuma.

Di dieu dipedar conto ngeusian salahsiji kartu data struktur carita jeung kartu data aspék cinta segitiga tilikan psikologi sastra.

Tabél 3.9 Kartu Analisis Stuktur (Latar)

Kartu Data 3	
1. Kode Data	: SSSS/S3/K32/P18
2. Jenis Latar	: Pandapa
3. Cutatan Carita	: <p><i>“Ir. Tatang dibebetot ku Anah diajak abus deui ka pandapa, ninggalkeun taman. Gelas kosong urut ngingunum dibikeun ka juruladén. Anah gura-giru nuyun, méhméh ngabebenyéng Ir. Tatang.”</i></p>
4. Analisis	: <p>Katitén dina cutatan carita Ir. Tatang ku Anah diajak asup</p>

Tabél 3.9.1 Kartu Analisis Aspék Cinta Segitiga

Kartu Data 6	
1. Kode Data	: SSSS/PS/CS/NP/KC18/P6
2. Palaku	: Tatang
3. Aspék Cinta Segitiga:	Napsu
4. Cutatan Carita	: <p><i>“Ir. Tatang narik napas jero pisan. Anah ari keur kieu, keur geregeteun gemes ka nu jadi salaki mungguh matak deudeuh jeung... napsu, napsu sahwat. Deudeuh aya, sahwat aya, istuning! Sok hayang gep, gep wé ngégélan sagala-galana.”</i></p>
5. Analisis:	<p>Katitén dina cutatan carita di luhur, éta adegan dina carita mangrupa napsu sahwat salaki ka pamajikanna. Ku kituna, ieu kaasup kana aspék romantis cinta segitiga ‘napsu/gairah’.</p>

3.4 Data jeung Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta subyék asal data dicangking. Panalungtik ngagunakeun téhnik dokuméntasi pikeun nyangking sumber data, dokumén, atawa cutatan, sedengkeun eusi éta cutatan mangrupa subyék panalungtikan atawa variable panalungtikan (Arikunto, 2013, kc 172). Ku kituna, sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusuma.


3.4.1 Data

Data dina ieu panalungtikan mangrupa sagala informasi ngeunaan struktural carita jeung aspék romantis cinta segitiga tiori Robert Sternberg tilikan psikologi sastra dina novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusuma.

3.4.2 Sumber Data

1) Idéntitas Novel

Judul	: <i>Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan</i>
Pangarang	: Mh. Rustandi Kartakusuma
Medal	: Citakan ka-1: Kiblat Buku Utama Rabiul Ahir 1440 H/Désémber 2018
Penerbit	: Kiblat Buku Utama
Kandel Buku	: 144 Kaca
Warna Jilid	: Beureum



Gambar 3.1 Jilid Hareup jeung Tukang Novel

Novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* ngawengku sabelas épisode. Novel ieu sagemblengna nyaritakeun dua kasang tukang budaya anu bédha lantaran cinta nu ngagalura di antara dua jalma. Tatang jeung Anah papanggih waktu Tatang ditugaskeun gawé di désana Anah. Tatang salaku insiyur ditempatkeun di imah Anah. Ti Poé ka poé, Tatang jeung Anah beuki deukeut baé nepi ka rumah tanggana. Tatapi, lantaran kasang tukang rumah tanggana, Bu Danu, indungna Tatang, teu méré doa ka Anah anu cacah kuricakan téa. Éta hal ngabalukarkeun rumah tangga Tatang jeung Anah jadi aya pasualan. Tapi éta pasualan, justru mageuhan cinta antara Tatang jeung Anah.

2) Biografi Singget Pangarang



Gambar 3.2 Mh. Rustandi Kartakusuma

Mh. Rustandi Kartakusuma atawa sok disebut Uyus téh salasahiji pangarang anu lahir di Ciamis, 27 April 1921, sarta tilar dunya 11 April 2008 di Cibubur. Rustandi ti bubudak geus kaciri bakat nulisna. Saréngséna kuliah, Rustandi ngamimitian nulis puisi, tuluy nulis naskah drama anu jejerna *Perabu jeung Puteri*. Ieu naskah drama dipintonkeun kalawan jejer “*Indonesia Tanah Pusaka*” nu pamaénna para rumaja pelajar anu kaasup kana tentara pelajar.

Riwayat pagawéan jeung pangalaman Mh. Rustandi Kartakusuma di antarana: (1) guru Bahasa jeung Sajarah Indonésia, (2) pamingpin *Utusan Kementrian Penerangan* di Kepulauan Sunda Kecil (Bali jeung Nusa Tenggara Barat), (3) pupuhu *Balai Penerangan Sunda Kecil*, (4) pagawé *Kementrian Pertahanan Bagian Penerangan*, (5) dosén *Bahasa Indonesia* di Yale University, Amerika Serikat, (6) dosén Harvard University, gawé bareng jeung *Massachusset Institut Technology* ngeusi *program Summer Course* (1952), (7) delegasi pangarang Indonésia di *Kongres PEN Club Dublin*, Irlania, (8) pembantu *Atase Kebudayaan RI* di Paris, (9) ketua *Tim Juri Inti Sayembara Besar Mengarang Departemen Pendidikan dan Kebudayaan* dan *Balai Pustaka* (1965-1966), jeung (10) rédaktur majalah *Harmoni*, koran *Mandala*, sarta majalah basa Sunda saperti *Manglé*, *Nirmala*, jeung *Gondéwa*.

Sumber: *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan*, 2018. Bandung, PT.

Kiblat Buku Utama; jeung

Anisa Julianingrum, 2023

ASPÉK ROMANTIS DINA NOVEL SABOBOT SAPIHANÉAN SABATA SARIMBAGAN

KARYA MH. RUSTANDI KARTAKUSUMA (*Ulikan Psikologi Sastra*)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ensiklopedia.kemdikbud.go.id. (2016). *Pengarang Mh. Rustandi Kartakusuma (1921-2008)*. Diakses tanggal 16 Juni 2023, ti
https://ensiklopedia.kemdikbud.go.id/sastra/artikel/Mh_Rustandi_Kartakusuma.